

Multicultural Academy Charter School
(Akademi Miltikiltirèl, yon Lekòl Endepandan Leta Apwouve)

Pwosedè Enskripsyon yo pou 2019-2020

Nan lòd pou enskri pitit ou nan MACS, ou dwe swiv etap annapre yo. Pou resevwa yon kopi sou pwosedè sa yo ak dokiman asosye yo nan yon lang apatide lang angle, tanpri kontakte biwo prensipal nou nan nimewo 215-227-0513 oswa ale nan sitwèb nan (www.macs.k12.pa.us).

1. Tanpri ale nan sitwèb www.applyphillycharter.org jodi a pou kòmanse pwosesis aplikasyon an. **Dat limit la pou soumèt aplikasyon an se 20 janvye 2019.** MACS pa kapab ak pa pral aksepte aplikasyon yo dirèkteman.
2. Lemoman ou fin ranpli aplikasyon an nan entènèt, yo pral envite ou ak pitit ou pou patisipe nan yon Sesyon Enfòmasyon volontè. Objektif Sesyon Enfòmasyon an se pou eksplike Misyon ak Vizyon MACS ak pou ou deside si wi ou pa lekòl nou ap yon bòn anviwònman pou pitit ou.
3. Nan dat 28 janvye 2019, si MACS te resevwa plis aplikasyon pou ki yo gen plas disponib, nou pral bezwen fè yon lotri piblik, yo pral fè madi nan dat 5 fevriye a 4è nan apremidi a nan oditoryòm (sal odyans) lekòl la. Yo pral fè tout aplikan yo konnen rezilta lotri a pa lapòs. Yo pral etabli yon Lis Datant pou tout elèv yo pa t chwazi nan lotri a. (Tanpri gade dokiman an sou Pwosedè Lotri a nan sitwèb nou pou jwenn plis enfòmasyon.) Si yo te chwazi non yon aplikan, fanmi a pral resevwa yon lèt k ap mande yo pou soumèt atik annapre yo yo te endike nan Etap nimewo 4.

OSWA

Nan dat 28 janvye 2019, si MACS te si MACS te resevwa mwens aplikasyon pou ki yo gen plas disponib, tout aplikan yo pral resevwa yon lèt pa lapòs, k ap mande yo pou soumèt atik yo te endike nan Etap nimewo 4. Lè sa a, yo pral trete tout aplikasyon yo te resevwa apre dat limit 28 janvye a sou yon baz premye-vini, premye-sèvi, epi yo pral kontakte aplikan yo pa lapòs ak mande yo pou soumèt atik yo te endike nan Etap nimewo 4.

4. Nan Acceptance Letter (Lèt Akseptans) la, yo pral mande ou pou soumèt atik annapre yo ba biwo a nan lòd pou finalize enskripsyon ou (Ou pral gen 4 semèn pou retounen dokiman obligatwa sa yo, amwenske ou bezwen plis tan poutèt ou bezwen asistans avèk lang angle.):
 - a. **Prè v nan Lojman:** (yon papyè kay, kontra-lwaye, bòdwo sèvis piblik aktyèl, bòdwo kat kredi aktyèl, bòdwo taks sou pwopriyete, anrejistreman veyikil, lisans chofè, kat idantifikasyon DOT.)
 - b. **Prè v nan Laj Timoun an:** (Yo pral aksepte nenpòt nan atik annapre yo, ki pou timoun an: Batistè, Sètifika Batèm (oswa yon kopi dosye batèm lan – ki notarye oswa sètifye ak k ap montre dat nesans la); deklarasyon notarye ki soti nan men paran yo oswa yon lòt fanmi k ap endike dat nesans la; yon paspò valab; yon dosye lekòl ansyen k ap endike dat nesans la.
 - c. **Dosye Vaksinasyon:** Dapre lalwa, dokiman akseptab yo gen ladan: swa dosye vaksinasyon timoun an, yon deklarasyon alekri ki soti nan men direktè distri lekòl ansyen an oswa nan men yon biwo medikal ki te administre vaksen obligatwa yo, oswa yon seri vaksen k ap fèt kounye a, oswa konfimasyon vèbal ki soti nan men distri lekòl ansyen an oswa biwo medikal la ke yo te fin pran tout vaksen obligatwa yo, epi yo pral soumèt dosye yo byento
 - d. **Afidavi Notarye:** (Deklarasyon sou Enskripsyon, dapre egzijans lalwa; yo pral voye fòmilè sa a pa lapòs avèk lèt la yo te dekri nan Etap nimewo 3.)
 - e. **Sondaj sou Lang Yo Pale Lakay:** Dapre lalwa, yo pral voye fòmilè sa a avèk lèt la yo te dekri nan Etap 3.

Lè nou resevwa dokiman yo te endike anwo a, ki gen ladan yon Acceptance-Enrollment Form (Fòmilè Akseptans – Enskripsyon) (konsa nou kapab konnen si ou te aksepte òf nou pou enskripsyon), yo pral konplete pwosesis enskripsyon an. Nou pral voye ou yon lèt felisitasyon imedyatman k ap konfime ke nou te resevwa tout atik obligatwa yo.

Aprè nou fin resevwa dokiman yo te endike anwo a, yo pral konplete pwosesis enskripsyon an. Imedyatman apresa nou pral voye ou yon lèt felisitasyon k ap konfime ke nou te resevwa tout atik nesèsè yo.

Tanpri Remake: Si pitit ou resevwa Sèvis Edikasyon Espesyal oswa ESOL, lemoman non aksepte pitit ou nan lekòl la, nou pral mande pou dokiman aplikab annapre yo tou anvan

dat 30 jen, nan lòd pou mete lis nan lis lekòl la nan yon fason apwopriye:
Dokimantasyon IEP, ER, NOREP, ESOL.